

# TÈS COVID-19 OU A POZITIF OSWA OU GEN SENTOM?


## RETE LAKAY OU, METE MAS EPI SIVEYE

7/1/2022

### RETE LAKAY OU POU 5 JOU

Kòmanse konte apati dat tès pozitiv ou a\*, OSWA apati premye jou sentom yo.

Si w pa t gen sentom okòmansman, men w vin genyen pandan peryòd 10 jou a, rekòmanse konte 5 jou ankò. Premye jou sentom yo se jou 0 w.



Rekòmandasyon sa yo aplike a kominote a an jeneral, kit moun nan te vaksinen oswa kit li pa t vaksinen kont COVID-19. Moun ki gen yon maladi modere oswa grav, sila yo ki gen sistèm iminitè yo ki afebli ak moun k ap viv nan anviwonman ki gen gwo ris oswa an gwoup yo ka bezwen yon izolman ki dire plis pase 5 jou.



## LÒT BAGAY POU W FÈ



Bay moun w ap viv yo espas **PA** bay moun fè ladesant lakay ou. Rete nan yon pati separe lakay ou epi itilize yon lòt saldeben si w kapab.



Kòm dabitid, netwaye tout sifas yo "manyen anpil yo". Siye epi dezenfekte souvan espas ki pataje yo. Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan 20 segonn.



**Mete yon mas pandan 10 jou** sou bouch ou **AK** nen w (menm lakay ou si w ap viv avèk lòt moun)!



Siveye sentom COVID-19 yo tankou tous, souf kout, fatig, pa pran gou/sant, tèt fè mal, kò fè mal, gòj fè mal, fyèv, frison, dyare.



Soti nan 5 èm rive nan 10 èm jou yo evite vwayaje, pran transpò piblik, ak ale kote ou pa ka mete mas (restoran, ba, lakay moun, elt.).



Aprann plis sou COVID-19 nan [nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml](https://nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml)

\*Si w asentomatik (ou pa janm devlope sentom), jou 0 a se jou w te teste a (se pa jou ou te resevwa rezilta pozitiv la) epi jou 1 an se premye jou konplè ki vin apre jou w te teste a.